

Southeastern Live Well Center



ENFÒMASYON SOU SOUTHEASTERN LIVE WELL CENTER (SELWC)

Konte San Diego jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan bay anpil kalite sèvis sante ak sèvis kominotè pou ankouraje byennèt sitwayen yo. Nouvo Southeastern Live Well Center pral bay yon kote inik pou sitwayen yo resevwa sèvis sa yo nan yon espas ki apwopriye ak modèn. Sant lan pral sèvi tou kòm yon platfòm pou reyinyon kominotè, opòtinite pou edikasyon, ak fòmasyon pou moun k ap chèche travay. N ap travay nan tèt ansanm avèk kominote a pou devlope pwòjè a, epi n ap kontan pou resevwa remak ou.



Konte a te kòmanse travay sou nouvo SELWC nan mwa Oktòb 2021. Konstwiksyon sant lan pwograme pou fini nan sezon Lete 2023.



Avèk remak manm kominote a ak moun ki konsène yo bay, plan SELWC pral gen ladan yon jaden pou byennèt ak meditasyon, yon zòn deyò pou yon charyo kafe, yon zòn jwèt pou timoun ak fanmi yo, boza lokal ki reprezante istwa ak kilti San Diego ak plis lòt!



Avèk yon apwòch ki konsantre sou kominote, Konte a te anboche soutretan lokal pou bati SELWC.



Sant lan pral bay anpil kalite ansanm avèk sèvis sante piblik ak sèvis sante konpòtmantal. Men kèk nan lòt sèvis yo: sèvis ranfòsman fanmi, sèvis pou militè ak veteran yo, devlopman mendèv ak plis!



Ou vle bay remak ou?
Ale sou sitwèb livewellsd.org oswa eskane Kòd QR